

Pwogram Sante ak Byennèt pou Travayè yo

Travay ak Sante

Liberty mete sante ak byennèt ou kòm yon priyorite. Nou kwè nan bati yon espas kote nou ka ede anplwaye nou yo amelyore sante yo epi kontinye viv yon vi ki bon pou yo. Pou rezon sa a, nou lanse yon inisyativ ki pèmèt anplwaye yo angaje yo plis nan siveye eta sante yo, fè chanjman pou amelyore li, epi resevwa rekonpans pou patisipasyon yo.

Liberty devlope Pwogram Travay ak Sante pou ankouraje aksyon ki pèmèt ou okipe ak amelyore sante ou. Nou ofri ankourajman pou anplwaye ak mari oswa madanm yo k ap patisipe epi reyalize aktivite sante espesifik yo. Chak ane, nou mete enfòmasyon a dispozisyon ou pou ou ka pwofite.

Deklarasyon sou Objektif Nou

Pwogram Travay ak Sante ankouraje bon abitud sante nan mitan anplwaye yo ak fanmi yo, sa ki fè yo vin pi angaje, efikas, epi devwe. Evantyèlman, sa kreye yon espas travay ki pi motivan.

Anplwaye yo gen responsabilite pou verifye si yo konfòm ak kondisyon yo

Gen de fason ou ka konfime si ou respekte kondisyon yo:

1. Nan sistèm Lawson - Ale sou seksyon Bookmarks epi chwazi Oto-Sèvis anba kategori Benefis / Benefis Kouran. Lè paj la parèt, mete dat 4/1/2025 epi kontinye pou tcheke sitiyasyon ou pou peryòd 2025/2026 lan. Pa bliye itilize ba defile sou bò dwat ekran an pou wè Rekonsan Byennèt la.
2. Nan lakay ou – Vizite sit www.liberty-healthcare.com. Chwazi 'Liberty Portal' epi ale nan seksyon Benefis pou w chwazi Benefis Kouran yo. Lè paj la parèt, mete dat 4/1/2025 epi kontinye pou tcheke sitiyasyon ou pou peryòd 2025/2026 lan. Pa bliye itilize ba defile sou bò dwat ekran an pou wè Rekonsan Byennèt la.



Pwogram Rabè sou Prim Sante

Jwenn Rediksyon sou Peman Asirans lan

Pou w ka benefisye rabè sou peman asirans lan, ou dwe ranpli tout kondisyon pwogram ki detaye anba a. Si ou pa t satisfè kondisyon pou 4/1 oswa si yo te anboche w apre 4/1, w ap gen plizyè lòt chans pandan ane plan sa a pou w benefisye rabè sou prim lan - 7/1, 10/1, ak 1/1/26. Gade tablo ki anba a pou w wè peryòd ak etap ou dwe swiv pou w ka jwenn rabè sou peman an.

Kòmansman Rabè Asirans lan	Dat Limit Kalifikasyon
7/1/2025	6/15/2025
10/1/2025	9/15/2025
1/1/2026	12/15/2025
1/4/2026	15/3/2026

Si ou fin ranpli tout kondisyon yo anvan dat sa yo, w ap kòmanse resevwa rabè sou peman asirans lan apati dat sa a. Pi bon fason pou w asire ke w konfòm ak règleman yo se ranpli kesyonè byennèt la.

Kondisyon Pou Patisipe

- Egzamen Medikal Anyèl* - **OBLIGATWA**
- Epitou, ou dwe pase 3 nan egzamen prevantif sa yo:
 - Mamografi (fanm ki gen ant 40 ak 69 lane): Chak 12 a 24 mwa
 - Tès Depistaj Kansè nan kòl matris (fanm ki gen 21-64 lane): Chak 36 mwa
 - Egzamen Depistaj Kansè nan Entesten (granmoun ki gen 50-75 lane): Tès san okilt nan poup chak ane, tès Cologuard chak 3 zan, sigmoidoskopi chak 5 zan oswa kolonoskopi chak 10 zan.
 - Tès Sante Pwostat
 - Egzamen Woutin pou Je
 - Kontwòl Dantè Prevantif
 - Tès Depistaj Kansè Po
 - Vaksen – Grip, COVID, Nemoni
 - Vizit Konsiltasyon Nitrisyonèl
 - Egzamen Depistaj Dyabèt
 - Kontwòl Nivo Kolestewòl
 - Egzamen pou Viris HPV

*Asirans medikal ou peye tout depans pou yon egzamen fizik chak ane plan (pa chak ane kalandriye) a 100% (soti 4/1 rive 3/31). Se poutèt sa, BCBSNC pa mande pou w tann 365 jou anvan w fè yon lòt vizit medikal.

Rabè sou Frè Asirans

- Pou Sèlman Anplwaye oswa Mari/Madanm: \$35 pou chak peryòd peman (\$910 chak ane)
- Anplwaye + Mari/Madanm: \$70 pou chak peryòd peman (\$1,820 chak ane)

Kesyon?

Tanpri kontakte Administratè Benefis ou nan 1.910.332.1922 pou nenpòt kesyon. Si w rele apre lè travay, tanpri kite yon mesaj. N ap reponn mesaj ou nan pwochen jou travay la.